

GEN YON NOUVO WOBO KI AMELYORE OPERASYON NAN ZO

CHA Cambridge Health Alliance

CARE TO THE PEOPLE




Gen yon Nouvo Wobo ki Amelyore Operasyon nan Zo

Nouvo sistèm operasyon CHA a ap transfòme fason yo fè operasyon pou ranplase ranch la. Nouvo Wobo Mako nou an (ki vin posib gras a bèl parennaj Fondasyon CHA a pote pou nou) sèvi ak foto an twa dimansyon pou enstale pwotèz ranch. Presizyon amelyore sa a mennen sejou pi kout nan lopital, gerizon pi rapid, ak pi bon rezilta.

Doktè John Esposito, chirijyen òtopedik CHA, te konplete premye ranplasman jwenti asistans robot nan CHA nan mwa avril. Dènyèman, li te rejwenn nou depi Lopital Jeneral Mass. kote li te dirije aplikasyon an nan operasyon asistans robo ranplasman anch ak jenou e li te premye moun ki fè operasyon sa yo nan enstitisyon sa a.

Jwenn plis enfòmasyon



Chaje Modepas MyChart Ou a

Konfidansyalite pasyan se yon bagay ki enpòtan pou tout moun. Se poutèt sa nouvo vèsyon MyChart la egzijè pou w chanje modepas MyChart ou yo.

Lè ou konekte nan MyChart, y ap mande ou kreye yon nouvo modepas. Nouvo modepas la dwe:

- Gen omwen 8 karaktè
- Gen lèt majiskil ak miniskil
- Gen yon karaktè espesyal (tankou !@#\$)
- Gen lèt ansanm ak chif

Mèsi dèske ou travay avèk nou pou pwoteje enfòmasyon ou yo.

Konekte nan MyChart



Jou Pi Cho yo Ap Vini!

Antan n ap swete prentan labyenveni, li enpòtan pou nou pare pou jou pi cho yo. Klima nou an ap chanje nan fason ki ka danjre anpil. Vag chalè ki rive bonè yo pi danjre poutèt kò nou potko gen chans adapte a tan pi cho a. Bon nouvèl la se nou ka evite maladi ak lanmò ki rive poutèt chalè.

Gen moun ki pi frajil devan efè chalè a. Se timoun ki jèn anpil, granmoun ki aje anpil, moun k ap travay oswa k ap fè espò deyò, moun ki gen sèten maladi ak moun k ap pran sèten medikaman. Pale avèk pwofesyonèl lasante ou pou fè yon plan sekirite pou tèt ou oswa pou yon moun w ap okipe.

Men kèk ti konsèy pou pwoteje tèt ou kont vag chalè:

- Suiv tablodò [Heat Risk](#) ak [Heat & Health Tracker](#) CDC yo pou jwenn enfòmasyon sou chalè nan zòn ou an.
- Chèche konnen [o que fazer em uma onda de calor](#) pou pwoteje tèt ou.
- Aprann konnen siy maladi ki gen pou kòz chalè ak plis bagay toujou nan [website de resiliência climática da AmeriCares](#).
- Pran enfòmasyon sou chalè nan men vil oswa minisipalite w lan – genyen ki kòmanse voye alèt sou chalè, ofri kote pou rafrechri ak lòt bagay toujou.

CHA REVERE MOBILE MARKET

challiance.org/reveremarket




CHA Cambridge Health Alliance

CARE TO THE PEOPLE

Bezwen manje? Vini nan Pwochen Makèt Mobil CHA Revere la.


Chak mwa, CHA Revere Mobile Market bay plis pase 500 fwaye manje ki an sante. Nou bay sache ki ranpli ak pwodui fre ak lòt bagay ki nesèsè tankou diri, francha avwan oswa manba.

Si ou p ap gen kont manje, vini nan pwochen mache nou an nan Sant Swen CHA Revere la nan samdi lye jen. [Mache Mobil CHA Revere](#) la ouvè pou tout moun. Sèl sa ou gen pou fè se enskri lè ou rive. Ou pa bezwen pote dokiman. Y ap ba ou yon sache ki plen fwi ak legim fre. Gade [sit entènèt](#) nou an pou konn orè a ak lè yo.



Gade Nou sou Enènèt

Èske ou wè nouvo vidyo nou an sou [Everett Hospital](#) sou entènèt? Pou rete okouran tout dènye vidyo nou yo, suiv nou sou [YouTube](#). Epi, lè ou suiv nou sou [Instagram](#), [Facebook](#) oswa [LinkedIn](#), w ap tande pale tou de sa CHA ap fè pou kore sante ou.



Kwè nan Kote W ap Travay la

Pi bonè mwa sa a, CHA te onore enfimye(è) yo – ki se poto mitan swen sante – pandan Semèn Nasyonal Enfimye(è) a. N ap kontinye rekonèt ak selebre travay ekstrawòdinè enfimye(è) yo ap fè chak jou nan CHA. Chèche konnen poukisa [Moishé](#) ak anpil lòt enfimye(è) kwè nan nou.



CHA Cambridge Health Alliance

CARE TO THE PEOPLE